

Laj Jedaza nan CT: Yon Gid pou Jèn yo ak Fanmi yo



Konsèy Nasyonal sou Pwoblèm Depandans a Jedaza a (National Council on Problem Gambling) rapòte:

- Yo estime gen 2 milyon (1%) granmoun nan Etazini ki satisfè kritè yo pou maladi jedaza oswa adiksyon a jedaza—nan yon ane. Gen yon lòt 4-6 milyon (2-3%) yo konsidere kòm moun ki gen pwoblèm ki gen pou wè avèk jedaza.
- Pou jèn moun yo, etid yo montre gen ant 2 a 7% ki gen maladi jedaza, konpare avèk 1% nan granmoun yo; epi gen yon lòt 10% nan jèn moun yo ankò ki gen pwoblèm ki gen pou wè avèk jedaza.
- Gen yon moun sou senk ki gen pwoblèm depandans a jedaza ki eseye touye tèt li, yon to ki pi wo pase nan nenpòt lòt pwoblèm adiksyon.

Kisa yo rele Jedaza a?

Jedaza se riske lajan oswa yon bagay ki gen valè pou yon rezilta ki pa sèten, avèk lespwa pou resevwa yon bagay ki gen menm oswa plis valè.

Kisa yo rele Jedaza Riske a?

Se lè w montre omwen yon sentòm maladi jedaza / jedaza avèk yon entansite pi wo pase sa ki nòmal.

Kilè Jedaza a Vin yon Pwoblèm?

Konpòtman jedaza ki bay pwoblèm nan travay, lekòl, nan fanmi an, oswa nan zafè lajan, men ki pa satisfè kantite kritè yo pou yo rekonèt li kòm “Maladi Jedaza”.

Kisa yo rele Maladi Jedaza a?

(Yo te rele li anvan sa Azadè “Patolojik” oswa “Enkontwolab”) Li satisfè kritè 5yèm Màyèl sou Dyagnostik ak Estatistik APA a (APA Diagnostic and Statistical Manual V) pou adiksyon a konpòtman ki se Maladi Jedaza a.

Pou Jedaza w la San Danje ak Pa Koute Chè:

- Tabli yon limit sou kantite tan ak lajan an epi respekte limit sa a.
- Ou dwe wè Jedaza a tankou yon amizman, pa tankou yon fason pou fè lajan.
- Balanse jedaza a avèk lòt aktivite lwazi.
- Si w fè jedaza epi depanse plis tan ak lajan plase sa w te planifye, pran yon brek.

Jedaza avèk Risk Fèb Se...

- Yon kalite detant, ki pa ni pou fè lajan ni pou regenyen sa w te pèdi deja.
- Tabli limit sou lè a, sou chak konbyen tan, ak sou kantite tan an.
- Lè w fè l avèk lòt moun, pa poukont ou.
- Avèk lajan ou ka pèdi san pwoblèm.

Jedaza avèk Gwo Risk Se Lè...

- W ap fè fas a chagren, solitud, kòlè oswa depresyon.
- Ou sou presyon ak estrès poutèt koze lajan.
- W ap refè anba maladi sante mantal oswa toksikomani.
- W ap pran alkòl oswa lòt dwòg, oswa ou pa gen laj legal pou fè jedaza.



Wheeler

CONNECTICUT
Clearinghouse

a program of the Connecticut Center
for Prevention, Wellness and Recovery

Yon Bibliyotèk ak Sant Resous sou Alkòl, Tabak, Lòt Dwòg, Sante Mantal ak Byennèt

800.232.4424 (telefòn)

860.793.9813 (faks)

www.ctclearinghouse.org

Kisa Paran yo Ka Fè?

- Ede timoun yo devlope konpetans pou lavi pou yo ka jere estrès ak pran bon desizyon, ankouraje moderasyon nan aktivite jwèt ak jedaza yo epi balanse yo avèk egzèsis, bon nitrisyon, jwèt ki pa estriktire, aktivite atistik, ak lanati.
- Ede timoun yo devlope konpetans pou lavi pou yo ka jere estrès ak pran bon desizyon, ankouraje moderasyon nan aktivite jwèt ak jedaza yo epi balanse yo avèk egzèsis, bon nitrisyon, jwèt ki pa estriktire, aktivite atistik, ak lanati.
- Edike tèt ou ak pitit ou yo sou jedaza;
- Chèche okazyon pou pale de risk ak de responsablite ki genyen nan jedaza;
- Kontwole tan ak aktivite timoun yo sou entènèt epi sou tout aparèy elektwonik yo, tabli limit epi respekte yo;

Aktivite Jedaza	Laj Minimòm pou Jedaza	Konsiderasyon
Jedaza nan Kazino Bingo Gwo Miz	21 18	Pa gen restriksyon sou laj nan jwèt videyo kazino
Lotri	18	Menmsi timoun gendwa resewa tikè lotri kòm kado, li ilegal pou timoun touche yon tikè ki genyen. Yo konsidere “genyen bonè” kòm faktè risk pou devlope pwoblèm avèk jedaza pi devan.
Keno	18	Yon jwèt lotri ki disponib nan yon varyete kote tankou boutik, ba ak ti restoran.
Jwèt pou Byenfèzans Tikè Sele/Tikè pou Rale	Pa Gen Restriksyon sou Laj 18	Kèmès legliz, baza, bingo, levedfon Ou pa jwenn yo anpil nan Ct, sitou nan kèès ak klèb sosyal
Paryaj Deyò Kous (Off Track Betting, OTB)	18	Yo sèvi alkòl nan OTB

Resous nan Connecticut

Sèvis kont Depandans a Jedaza yo nan Depatman Sante Mantal ak Sèvis kont Adiksyon Eta a ofri èd ak lespwa pou moun ki gen pwoblèm depandans a jedaza ak pwòch yo, nan pwogram tretman Better Choice yo w ap jwenn toupatou nan eta a. Sèvis yo disponib pou bon mache oswa gratis. Pou jwenn enfòmasyon sou tretman, prevansyon, resous, istwa kliyan ak plis bagay toujou, ale sou www.ct.gov/dmhas/pgs

Nimewo pou Èd nan Zafè Jedaza, èd ak sèvis referans 24 sou 24, 7 jou sou 7. Rele 1-888-789-7777 pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou pran randevou.

Konsèy Connecticut sou Pwoblèm Depandans a Jedaza a (Connecticut Council on Problem Gambling): yon ajans ki pa gen bi fè lajan ki gen kòm misyon redui frekans ak konsekans maladi jedaza oswa pwoblèm depandans a jedaza sou moun endividyèl ak fanmi yo. www.ccpbg.org

Twa Mesaj Enpòtan yo:

- Jedaza se pa yon aktivite san risk;
- Ou dwe konnen kijan pou anpeche jedaza vin yon pwoblèm;
- Gen èd disponib pou moun ki gen pwoblèm depandans a jedaza, ak moun ki touche yo.

PGS PROBLEM GAMBLING SERVICES

Department of Mental Health and Addiction Services



CONNECTICUT
Mental Health & Addiction Services

Fè atansyon a tandans ki fèk parèt yo avèk jwèt sou entènèt, paryaj sou espò, ak lòt okazyon ankò pou fè jedaza sou entènèt avèk kredi. Kontake PGS ak CCPG pou dènye enfòmasyon sa yo.